

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1. Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Méthode Panalungtikan

Méthode dina wangenan anu leuwih jembar dianggap mangrupa cara-cara, stratégi pikeun maham réalitas, léngkah-léngkah sistematis pikeun nganalisis runtuyan sabab akibat anu satuluyna. Salaku alat, sarua jeung tiori; méthode miboga fungsi pikeun ngabasajankeun, supaya leuwih babari ditalungtik jeung dicangkem (Ratna, 2004: 34).

Arikunto (1996: 150) nétélakeun yén méthode panalungtikan téh nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Dumasar kana tujuan nu hayang dihontal, méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif.

Panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan nu pedaranana ngadéskripsikeun hiji kajadian atawa daérah populasi nu tangtu sarta mibanda sifat factual sacara sistematis jeung akurat. Saluyu jeung pamanggih Suyatna (2002: 14) anu nétélakeun yén méthode panalungtikan déskriptif téh nya éta panalungtikan anu mangrupa akumulasi data dasr dina cara déskriptif wungkul; teu nguji hipotésis, teu nyieun ramalan atawa teu meunangkeun ma'na implikasi. Dina ma'na nu lega ieu méthode téh mindeng digunakeun panalungtikan survéy.

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun naon-naon nu aya dina upacara Salametan Solokan di Kampung Cirateun Kacamatan Sukasari.

3.1.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta observasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Tehnik observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kumaha prak-prakanana upacara Salametan Solokan. Téhnik wawancara digunakeun pikeun ngawawancara panitia, tokoh, jeung masarakat kampung Cirateun anu patali jeung Salametan Solokan anu fungsina pikeun nambahan référénsi. Sedengkeun téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngarojong informasi data nu mangrupa gambar (visual).

3.2. Instrumén Panalungtikan

3.2.1. Video Shot

Video Shot digunakeun pikeun ngarékam prosés ngumpulkeun data dina téhnik wawancara jeung informan (panitia, tokoh, jeung masarakat Cirateun).

3.2.2. Kaméra Foto

Kaméra foto digunakeun pikeun ngahasilkeun gambar (visual) dina prak-prakanana upacara Salametan Solokan di Kampung Cirateun.

3.2.3. Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara masarakat Cirateun nu aya patalina jeung upacara Salametan Solokan. Dina ieu panalungtikan maké sistem wawancara terstruktur.

3.3. Sumber Data

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kagiatan dina upacara Salametan Solokan di Kampung Cirateun Kacamatan Sukasari Kotamadya Bandung.

3.4. Téhnik Ngolah Data

Data nu geus kakumpulkeun tina hasil panalungtikan satuluyna maké téhnik déskriptif, mangrupa salah sahiji cara anu digunakeun pikeun ngahontal udagan panalungtikan. Cara anu digunakeun dumasar kana tinimbangan anu nalungtik sabada nyawang tujuan objék anu rék ditalungtik. Pikeun ngahontal udagan, dina ieu panalungtikan rék digunakeun téhnik panalungtikan déskriptif kualitatif sarta ngagunakeun pendekatan sacara holistik hal ieu numutkeun Danandjaja dina Endraswara (2006: 221-222).

Surakmad dina Halimah (2001: 23) nétélakeun yén anu dimaksud métode déskriptif nya éta métode anu bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan, ngaanalisis data, sarta nafsirkeun data.

3.5. Léngkah-léngkah Panalungtikan

Aya opat léngkah anu dijadikeun rarancang dina ieu panalungtikan, nya éta:

1) tahap tatahar; 2) tahap ngumpulkeun data; 3) tahap ngolah data, jeung; 4) tahap nyusun laporan panalungtikan.

3.5.1. Léngkah Tatahar

Léngkah anu munggaran dina ieu panalungtikan:

- 1). Nyodorkeun judul panalungtikan;
- 2). Nyusun rarancang panalungtikan;
- 3). Ngayakeun survéy amal;
- 4). Ngurus surat ijin panalungtikan;
- 5). Ngayakeun konsultasi jeung pangaping.

3.5.2. Léngkah ngumpulkeun data

- 1). Obsérvasi nalika upacara salametan dilaksanakeun;
- 2). Wawancara jeung informan (panitia, tokoh, jeung masarakat).
- 3). Ilubiung dina kagiatan upacara.

3.5.3. Léngkah Ngolah Data

Data anu geus kakumpulkeun diolah dumasar kana téhnik ngolah data, nya

éta:

- 1). Mariksa data anu geus kakumpulkeun;
- 2). Ngadéskripsikeun data;
- 3). Nyieun kacindekan tina data anu geus kapaluruh.

3.5.4. Léngkah Nyusun Laporan

Léngkah pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan sacara sistematis dina wangun skripsi.



